

Nim. 202,6

DEKRÈ EGZEKITIF

Kontinuite sispansyon tanporè ak modifikasyon lwa yo Ki gen rapò ak ijans nan sitiyasyon katastwòf la

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 la, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la;

LÈ NOU KONSIDERE, yo dokimante ni ka ki gen pou wè avèk vwayaj ni transmisyon COVID-19 pa kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa ap kontinye toujou;

LÈ NOU KONSIDERE, pou fasilite repons ki pi apwopriye ak pi efikas pou katastwòf ijans COVID-19 la, li enpòtan pou Eta New York kapab ajè vit pou rasanble, kowòdone, ak deplwaye machandiz, sèvis, pwofesyonèl ak volontè tout kalite; ak

KOUNYE A, KIDONK, mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispann oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt òganis pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, mwen sispann oswa chanje pwovizwaman, pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a jis nan dat vendredi 17 avril 2020, sa ki annapre yo:

- Seksyon twa Lwa sou Ofisye Piblik la pa dwe aplike pou yon moun yo jije nesèsè pou anboche oswa angaje nan travay volontè pou bay yon repons dijans efikas pou dire ijans sa a;
- Sou-paragraf (i) sou-divizyon I seksyon 73 Seksyon Lwa sou Ofisye Piblik la pa dwe aplike pou okenn moun ki anboche, kenbe, nonmen oswa ki se volontè nan nenpòt fason an pou ede Eta New York nan repons li pou ijans ki deklare a;
- Sou-paragraf 5 seksyon 73 Seksyon Lwa sou Ofisye Piblik la pa dwe aplike pou yon ofisye oswa anlwaye eta oswa yon volontè k ap fasilite kontribisyon oswa don pou ede Eta New York nan repons li pou ijans ki deklare a;
- Sou-paragraf 8 seksyon 73 Seksyon 73(8) Lwa sou Ofisye Piblik la ak seksyon 74 Lwa sou Ofisye Piblik la pa dwe aplike pou volontè oswa kontraktè ki ede Eta New York nan repons li, depi nenpòt rekizasyon respekte si antite ki nonmen an detèmine li nesèsè;
- Seksyon 1-M sou Lwa Lejislativ la sispann nan mezi ke nenpòt ajans ka resevwa yon don an nati oswa otreman, nan nenpòt montan ki soti nan nenpòt sous la, depi don sa a fèt pou Eta a epi se ajans eta a k ap jere li pou pouswiv ak efò repons lan;
- Seksyon 11 Lwa sou Finans Eta a nan mezi nesèsè pou fasilite yon repons pou ijans nan sitiyasyon katastwòf nan Eta New York ki efikas, pa dwe aplike pou okenn efò ajans eta a pou pouswiv ak repons pou ijans ki deklare a;

KOUNYE A, KIDONK, dapre otorite Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la ban mwen pou pibliye nenpòt direktiv pandan yon ijans nan sitiyasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen pibliye direktiv annapre yo pou peryòd ki soti nan dat Dekrè Egzekitif la rive 17 avril.

- Anvigè nan dat 20 mas nan 8 p.m.: Tout biznis ak antite ki pa gen bi likratif yo nan eta a dwe itilize, nan tout mezi posib, nenpòt pwosedi teletravay oswa travay depi lakay ke yo ka itilize san danje. Chak anplwayè dwe redui mendèv an pèsòn nan nenpòt lokal travay pa 50% pa pita pase 20 mas nan 8 p.m. Nenpòt biznis oswa antite esansyèl ki bay, sèvis oswa fonksyon esansyèl pa dwe sijè ak restriksyon an pèsòn lan. Sa gen ladan operasyon swen sante esansyèl ki gen ladan rechèch ak sèvis laboratwa; enfrastrikti esansyèl ki gen ladan enfrastrikti pou sèvis piblik, telekominikasyon, ayewopò ak transpò; fabrikasyon esansyèl, ki gen ladan transfòmasyon manje ak pwodui famasetik; vant an detay esansyèl ki gen ladan magazen manje ak famasi; sèvis esansyèl yo ki gen ladan ranmase fatra, kourye ak sèvis ekspedisyon; medya; bank ak enstitisyon finansye ki konekte yo; founisè pwodui nesèsite debaz pou popilasyon defavorize yo; konstriksyon; vandè sèvis esansyèl ki nesèsè pou kenbe operasyon sekirite, sanitè ak esansyèl pou rezidans oswa lòt biznis esansyèl yo; vandè ki bay sèvis oswa pwodui esansyèl, ki gen ladan sipò lojistik ak teknolojik, gadri ak sèvis ki nesèsè pou asire kontinuite operasyon ajans gouvènman an epi jere sante, sekirite ak byennèt piblik la;
- Nenpòt lòt biznis ka jije esansyèl apre demann yon opinyon bò kote Empire State Development Corporation k ap revize ak apwouve demann sa a, si li detèmine li nan pi bon enterè eta a pou gen mendèv la ki kontinye nan tout kapasite li pou byen reponn ak katastwòf sa a. Pa pita pase 5 p.m. nan 19 mas 2020 Empire State Development Corporation pral pibliye oryantasyon sou ki biznis ki detèmine esansyèl.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, dizuityèm jou mwa mas nan

ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a